**BERUNIY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*230200, Beruniy tumani, Beruniy kuchasi, r/u*

**BERUNIY RAYONLAR ARALÍQ EKONOMIKALÍQ SUDÍ**

*230200, Beruniy, Beruniy k., n/j*

*Tel: (55) 102-40-63 e-mail: i.beruniy@sud.uz*

**Өзбекстан Республикасы атынан**
**ШЕШИЎШИ ҚАРАР**

Беруний районы 2022-жыл 08-ноябрь 4-2302-2203/2634-санлы ис

Беруний районлар аралық экономикалық судының судьясы Б.Т.Бекмуратов басшылығында, судья жәрдемшиси С.Кучкаровтың хаткерлигинде, арза бериўши ўәкили [redacted] ([redacted]-санлы исеним хат)тиң қатнасыўында, арза бериўши [redacted] қарыздар [redacted] фермер хожалығын төлеўге қәбилийетсизликтиң әпиўайыластырылған процедурасы бойынша төлеўге қәбилийетсиз деп табыў ҳаққындағы арзасына тийкар қозғатылған экономикалық исти Беруний районы мәмлекетлик салық инспекциясы имаратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы :**

Арза бериўши [redacted] (кейинги орынларда – арза бериўши) судқа арза менен мүрәжат қылып, қарыздар [redacted] жайласқан [redacted] фермер хожалығын (кейинги орынларда – қарыздар) төлеўге қәбилийетсизликтиң әпиўайыластырылған процедурасы бойынша төлеўге қәбилийетсиз деп табыўды сораған.

Суд мәжилисинде қатнасқан арза бериўши ўәкили арза талабын қоллап-қуўатлап, қарыздардың [redacted]-жыл [redacted] ҳалатына бюджет ҳәм бюджеттен тысқары мақсетли қорлар алдындағы мәжбүрий төлемлер бойынша салық қарызы 20786992,71 сўмды қурайтуғынлығын, қарыздарда төлеўге қәбилийетсизлик белгилери бар екенлигин есапқа алып, оны төлеўге қәбилийетсизликтиң әпиўайыластырылған процедурасы бойынша төлеўге қәбилийетсиз деп табыўды ҳәм сапластырыў өндирисин ашыўды сорады.

Қарыздар суд мәжилисине өз ўәкилиниң қатнасыўын тәмийинлемеди ҳәм өзиниң жазба пикирин усынбады.

Суд истеги ҳүжжетлерде қарыздар суд мәжилиси ҳаққында тийисли тәртипте хабардар қылынғанлығын тастыйықлаўшы ҳүжжетлер бар екенлигин есапқа алып, исти Өзбекстан Республикасының Экономикалық процессуал кодекси (кейинги орынларда – ЭПК) 128 ҳәм 170-статьяларына муўапық қарыздар ўәкилиниң қатнасыўысыз көрип шығыўды лазым тапты.

**Суд арза бериўши ўәкилиниң түсинигин тыңлап ҳәм ис бойынша топланған ҳүжжетлерди үйренип шығып, төмендегилерге тийкарланып арзаны қанаатландырыўды, қарыздарды әпиўайыластырылған процедура**

**бойынша банкрот деп табыўды ҳәм сапластырыў өндирисин ашыўды мақул тапты.**

Истеги ҳүжжетлерден анықланыўынша, қарыздар [redacted] ФХ (СТИР: [redacted]) [redacted] тәрепинен [redacted] күнги [redacted]-реестр рақамы менен юридикалық шахстың мәмлекетлик дизимнен өткизилгенлиги ҳаққындағы гүўалықты алып, уставы тастыйықланған. Қарыздардың мәнзили: [redacted] баслығы: [redacted].

Қарыздардың [redacted]-жыл [redacted] ҳалатына бюджет ҳәм бюджеттен тысқары мақсетли қорлар алдындағы мәжбүрий төлемлер бойынша салық қарызы 20786992,71 сўмды қурайды.

Өзбекстан Республикасының «Төлеўге қәбилийетсизлик ҳаққында»ғы Нызамы (кейинги орынларда – Нызам) 45-статьясының екинши бөлимине тийкар мәмлекетлик салық хызмети органының ҳәм басқа ўәкилликли органның қарыздарға қарата төлеўге қәбилийетсизлик ҳаққында ис қозғатыў ҳаққындағы арзасына нызамшылыққа муўапық салықлар ҳәмде жыйымлар бойынша қарызды қайтарып алыў менен байланыслы ис-иләжлар көрилгенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер қосымша қылыныўы керек.

Қарыздардың қарызын мал-мүлкинен өндириў ҳаққында арза бериўшиниң [redacted]-жыл [redacted] күнги [redacted]-санлы қарары шығарылып, мәжбүрий орынлаў бюросы [redacted] бөлимине орынлаў ушын жиберилген.

[redacted]тың [redacted]-жыл [redacted] күнги қарары менен арза бериўшиниң жоқарыдағы қарарлары Өзбекстан Республикасының «Суд ҳүжжетлери ҳәм басқа органлар ҳүжжетлерин орынлаў ҳаққында»ғы Нызамы 40-статьясының 3-бәндине тийкар қарыздардың пул қаржылары жоқлығы, мал-мүлки анықланбағанлығы ҳәм хатлаў имканияты болмағанлығы себепли орынлаўсыз қайтарылған.

Нызамның 241-статьясына муўапық өз хызметин сапластырған қарыздар жеке тәртиптеги исбилермен яки сапластырылып атырған юридикалық шахстың баслығы жоқ ҳәм олардың жайласқан жерин (жасаў орнын) анықлаўдың имканияты болмаған жағдайда, жоқ қарыздарды төлеўге қәбилийетсиз деп табыў ҳаққындағы арза, кредиторлық қарызы муғдарына қарамастан, кредитор, ўәкилликли мәмлекетлик орган, мәмлекетлик салық хызмети органы яки басқа ўәкилликли орган тәрепинен берилиўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы хожалық суды Пленумының 2006-жыл 19-августтағы «Банкротлық ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин экономикалық судлар тәрепинен қолланыўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы 142-санлы қарарының 35-бәнди төртинши хатбасына муўапық қарыздардың жоқ екенлиги сыпатында оның баслығының жоқлығын ғана емес, ал хожалық жүргизиўши субъекттиң мал-мүлкиниң жоқлығын да түсиниў лазым. Бул жағдай қарыздар – юридикалық шахстың жайласқан орны (почта мәнзили) бойынша пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органы, үй-жай мүлкдарларының ширкети, турақ жай яки адам жасамайтуғын жайдың мүлкдары ўәкиллери ҳәм (яки) суд басқарыўшысы қатнасыўында дүзилген акт ямаса қарыздардың мал-мүлки жоқлығы себепли орынлаў ҳүжжетин орынлаўсыз қайтарыў ҳаққындағы суд орынлаўшысының қарары менен тастыйықланыўы мүмкин.

Қарыздардың мал-мүлкиниң жоқлығы мәмлекетлик орынлаўшының жоқарыдағы қарары менен тастыйықланады.

Қарыздардың мал-мүлкиниң жоқ екенлиги, қарызын төлеў мүддети өткенлиги онда төлеўге қәбилийетсизлик белгилери бар деп есаплаўға, қарыздарды Нызамның 241-статьясы ҳәм Пленум қарарының 35-бәндине тийкар төлеўге қәбилийетсизликтиң әпиўайыластырылған процедурасы бойынша төлеўге қәбилийетсиз деп табыўға тийкар болады.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 1-февральдағы «Банкротлық процедураларын еледе әпиўайыластырыў ҳәм суд басқарыўшылары искерлигин түптен жетилистириў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПҚ-4146-санлы қарарының 3-бәнди «г» киши бәндине тийкар суд басқарыўшыларын тайынлаў кредитор (кредиторлардың улыўма жыйналысы яки комитети) яки банкротлық ислери бойынша ўәкилликли мәмлекетлик органы ямаса Ассоциация ҳәм оның аймақлық дүзилмелери усынысы бойынша суд басқарыўшылары искерлигин рейтинг баҳалаўды есапқа алған ҳалда суд тәрепинен әмелге асырылады.

[redacted] тәрепинен [redacted]-жыл [redacted] күнги [redacted]-санлы қатнас хат пенен суд басқарыўшы лаўазымына арнаўлы аттестатқа ийе болған [redacted]тың кандидатурасы усынылған. Сонлықтан суд, ис бойынша сапластырыў басқарыўшы етип [redacted]ты тайынлаўды лазым тапты.

Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасының Экономикалық процессуал кодекси 118-статьясының биринши бөлимине муўапық суд қәрежетлери исте қатнасыўшы шахслардың қанаатландырылған даўа талаплары муғдарына муўапық түрде олардың мойнына жүклетиледи.

Өзбекстан Республикасының «Мәмлекетлик бажы ҳаққында»ғы Нызамына қосымша қылынған Мәмлекетлик бажы ставкалары муғдарларының 2-бәнди «в» киши бәндинде шөлкемлер ҳәм пуқараларды банкрот деп табыў ҳаққындағы арзалардан базалық есаплаў муғдарының 3 есеси муғдарында мәмлекетлик бажы ҳәм Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Президиумының 2018-жыл 25-октябрьдеги РС-59-18-санлы қарарында барлық ислер бойынша даўа арза ҳәм арзалардан базалық есаплаў муғдарының 8 пайызы муғдарында почта қәрежети өндирилетуғынлығы белгиленген.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 20-майдағы «Ис ҳақи муғдарын асырыў ҳаққында»ғы ПФ-138-санлы Пәрманына тийкар 2022-жыл 1-июннан баслап базалық есаплаў муғдары 300 000 сўм етип белгиленгенлигин есапқа алып, суд қарыздардан Республика бюджетине базалық есаплаў муғдарының 3 есеси муғдарында, яғный 900 000 сўм мәмлекетлик бажы пул ҳәм арза бериўши пайдасына ис бойынша төленген 24 000 сўм почта қәрежетин өндириўди мақул тапты.

Жоқарыдағыларға тийкарланып, Өзбекстан Республикасының «Төлеўге қәбилийетсизлик ҳаққында»ғы Нызамы 241-статьясын ҳәм Өзбекстан Республикасының Экономикалық процессуал кодекси 118, 176-179, 210-статьяларын басшылыққа алып, суд

**ҚАРАР ЕТТИ:**

1. Арза бериўшиниң талабы қанаатландырылсын.

2. [redacted] жайласқан [redacted] фермер хожалығы төлеўге қәбилийетсизликтиң әпиўайыластырылған процедурасы бойынша төлеўге қәбилийетсиз деп табылсын ҳәм сапластырыўға байланыслы ис жүритиў баслансын.

3. [redacted] фермер хожалығының сапластырыў басқарыўшысы етип [redacted] тайынлансын.

4. Сапластырыў басқарыўшысына:

- қарыздар төлеўге қәбилийетсиз деп табылғанлығы ҳәм сапластырыў өндириси ашылғанлығы ҳаққында Нызамның 53-54 ҳәм 143-статьяларына әмел қылған ҳалда газетада жәриялаў;

- Нызамның 23 ҳәм 144-статьяларында белгиленген барлық миннетлемелерин толық орынлаў;

- сапластырыў жумысларын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте алып барыў, сапластырыў режесин дүзиў, аралық есабатларын зәрүрликке қарап судқа усынып барыў ҳәм сапластырыў жуўмағы бойынша жуўмақлаўшы есабатын **2023-жыл 08-февралға** шекем Беруний районлар аралық экономикалық судына усыныў жүкленсин.

5. [redacted] фермер хожалығының басқарыў органының мойнына үш ис күни ишинде жәмийеттиң бухгалтериялық ҳәм басқа да ҳүжжетлерин, мөр ҳәм штампларын, материаллық ҳәм басқа да қымбатлықларын сапластырыў басқарыўшысына тапсырылыўын тәмийинлеў миннетлемеси жүклетилсин.

6. [redacted] фермер хожалығынан [redacted] мәмлекетлик салық инспекциясы пайдасына 24 000 сўм почта қәрежети өндирилсин.

7. [redacted] фермер хожалығынан республика бюджетине 900 000 сўм мәмлекетлик бажы пул өндирилсин. Орынлаў хатлар берилсин.

8. Шешиўши қарар дәрҳал орынлаўға қаратылсын.

9. Шешиўши қарар үстинен усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына бир ай мүддет ишинде апелляциялық тәртипте арза, прокурор протест келтириўге ҳақылы.

**Судья** **Б.Т.Бекмуратов**